

BAZI REDZIDZO, MITAMBO NETSIKA



ZIMBABWE

BUMBIRO REZVIDZIDZO ZVECHISHONA REPURAIMAIRI

GIREDHI 4 - 7

BVUNZO DZEKUTANGA 2008

© Curriculum Development Unit
P.O.Box MP 133
Mount Pleasant
HARARE

Rakadzokororwa 2006

NHUNGAMIDZO

VeBazi reDzidzo, Mitambo neTsika vanopa kutenda kune vanotevera nerubatsiro rwunokosha rwavakapa pakuumbwa kwebumbiro rino:

- Vanomirira maumbirwo ebumbiro remitauro yechivanhu munyika neunyanzvi hwavakararidza
- VeZimbabwe School Examinations Council nebasa guru nekuronga kwavakaita mapimirwo ebasa revadzidzi
- Vamiririri vebato reZimbabwe Book Publishers Association
- Vebazi reCurriculum Development Unit nekukwenenzvera bumbiro iri
- Vashandi veEducation Services Centre vakapa rubatsiro rwunokosha kutsigira maumbirwo maumbirwo ebumbiro iri
- Vebazi reAfrican Languages Research Institute (ALRI) nehunyanzvi hwemutauro weChiShona hwavakapa

ZVIRI MUKATI**PEJI**

Nhungamidzo	i
Nhanganyaya	1
Mamiriro eBumiro	1
Vavariro	1
Zvinangwa zvemazamanishoni	1
Urongwa hwemazamanishoni	2
Mamiriro emapepa ebvunzo	2
Giridhi rinojekesa zvakatarwa zveapepa achanyorwa	3
Madzidzisiro nenguva yakatarwa	3
Chati rinoratidza marongerwo ane gwara rezvidzidzo	5
Kupatsanurwa kwezviri mubumiro kwakazara	11
Zviri muGiredhi 4	11 - 16
Zviri muGiredhi 5	16 - 21
Zviri muGiredhi 6	21 – 25
Zviri muGiredhi 7	25 - 30
Zviumbamuuro	30 - 32
Duramazwi	33

1. **NHANGANYAYA**

Bumbiro remuZimbabwe rezvidzidzo zve mitauro yechivanhu repuraimari ikosi yemakore manomwe ine chinangwa chekuvandudza umhizha hwemutauro hunoti kuteerera, kutaura, kuverenga nekunyora. Chinangwa ndechekuti vana vagone kutaurirana nevamwe nenzira dzinojekesa zvakasiyana siyana mumagariro. Bumbiro rine vavairo yekuumba vana vanochogetedza unhu nemagariro zvakatarwa munharaunda dzavanogara, zve matongerwo, zve budiriro nezve upfumi kubudikidza ne umhizha hwese huchashandiswa.

2. **MAMIRO EBUMIRO**

Bumbiro rezvidzidzo zve mitauro yechivanhu repuraimari rinoburitswa zviri zvibhuku zviviri zvakapatsanurwa sezvizi: chekutanga chine Giredhi 1 – 3 chepiri chine Giredhi 4 – 7. Zviri muzvikamu zvisere zve kutanga zvakafanana muzvibhuku izvi zviviri.

3 **VAVAIRO**

Bumbiro rezvidzidzo zve mitauro yechiShona kupuraimari rine vavairo dzinotevera:

- 3.1 Kuvandudza umhizha hwemutauro hwevana mukuteerera, kutaura, kuverenga nekunyora kuitira dzakasiyana siyana;
- 3.2 Vana vataurirana nevamwe nemazvo mumamiro akasiyana siyana;
- 3.3 Vana vave netsika yekufarira kuverenga zvinyorwa zvakasiyana siyana zvakanyorwa nemutauro weChishona.
- 3.4 Kuvandudza nekurerera muvana chido chekuyemura mutauro wavo kuitira kuzvisimudzira ivo pachavo nekuchengetedza tsika ne unhu hwavo;
- 3.5 Kuvandudza umhizha hwevana hwekufunga zvakadzama pamusoro penyaya dziri kuitika nedzinonyuka mudzinharaunda nedzinonyuka dzinenge dziri misoro yenyaya mazuva iwayo.

4.0 **ZVINANGWA ZVEMAZAMANISHONI**

Pakupera kwemakore manomwe ezvidzidzo zve puraimari vana vanofanirwa kunge vave kugona:

- 4.1 kunyora tsananguro kana rondedzero kana tsamba vachiratidza umhizha hwavo hwepfungwa dzakadzama mukurondedzera kana kutsanangura ruzivo rwezviri kuitika mudzinharaunda dzakasiyana siyana;
- 4.2 kunyora nenzira yakakodzera zvichienderana nenyaya inenge ichidiwa;
- 4.3 kuratidza unyanzvi hwekuronga nekunyatsounganidza pfungwa mundima uyewo kushandisa zvimiso zvakakodzera;
- 4.4 kunyora vachishandisa mutauro zvakakodzera, kuperetera zvakanaka nekushandisa zvimiso nemazvo;

4.5 kuratidza kunzwisisa zvinyorwa zvavanenge vaverenga kuburikidza nekupindura mibvunzo yenzwisiso;

4.6 kunyora zvakanaka zvakachena zvinoverengeka.

5.0 URONGWA HWAMAZAMANISHONI

5.1 UREMU HWEMAPEPA

PEPA	NGUVA	MAMAKISI	UREMU
Pepa 1. Nzwisiso nemashandisirwo emutauro (mhinduro vanoita dzokusarudzapane dzakapiwa).	1½ hours	40	40%
Pepa 2. Rondedzero nenzwisiso Chikamu A: Rondedzero (20) Chikamu B: Nzwisiso (10)	1¾ hours	30	60%
Zvasanganiswa		70	100%

Cherechedzai kuti uremu hwePepa 2 huri pamusoro pehwePepa 1 nyangwe zvazvo mamakisi ePepa 2 ari mashoma pane ePepa 1.

5.2 MAMIRIRO EMAPEPA EBVUNZO

Bvunzo richanyorwa nevadzidzi mushure memakore manomwe ezvidzidzo rinenge riine mapepa maviri akamira seizvi:

PEPA 1: Awa imwe chete ine chidimbu (1½ hours) mamakisi makumi mana (40)

Pepa iri rinenge riine mibvunzo ine mhinduro dzakapiwa kare vana vozosarudza mhinduro yakakodzerana nemubvunzo. Vadzidzi vanotarisirwa kupindura mibvunzo yose yavanenge vakapiwa.

PEPA 2: Awa imwe chete nechidimbu (1¾ hours) mamakisi makumi matatu (30)

Pepa iri rinenge riine mibvunzo yakasiyana siyana uye riri muzvikamu zviviri A ne B.

Chikamu A: Chinenge chine misoro mishanu yerondedzero inenge ichisanganisira tsamba. Mudzidzi anotarisirwa kusarudza musoro umwe chete onyora nezvawo. Musoro umwe neumwe unenge uine mamakisi 20.

Chikamu B: Chinenge chine ndima yenzwisiso uye mibvunzo yose inofanirwa kupindurwa nezvirevo zvakazara. Chikamu ichi chine mamakisi 10.

5.3. **GIRIDHI RINOJEKESA ZVAKATARWA ZVEMUMAPEPA ACHANYORWA**

UNYANZVI HUNODA KUZAMENWA	PEPA 1	PEPA 2
Ruzivo nekunzwisisa	60%	50%
Kutsanangura nekududzira	20%	30%
Kuongorora nekuzvishandisa	20%	20%
ZVASANGANISWA	100%	100%

N.B. Mamakisi ane chikamu kubva muzana ari muzvikamu zviviri pamusoro anoratidza unyanzvi huri kuda kuzemenwa papepa rakatarwa. Giridhi iri hariratidze uremu hwemapepa ebvunzo anoshandiswa kuburitsa mamakisi akasanganiswa emapepa ose ari maviri. Uremu hwemapepa hunojekeswa muchikamu cheurongwa hwamazamanishoni.

6.0 **MADZIDZISIRO NENGUVA YAKATARWA**

6.1. **Madzidzisiro**

Mukudzidziswa kwemitauro yechivanhu padanho repuraimari nzira yekutaurirana ndiyo inokuridzirwa. Zvinoitwa mukirasi nemadzidziro zvinofanirwa kutenderera pamwana. Mumadzidzisiro aya, zvinangwa zvinodudza pachena nzira iyi yekutaurirana zvinodiwa kuzivikanwa nevadzidzi. Mabasa anoitwa nenzira iyi anojekesa unyanzvi hwemutauro hunodiwa kuti nzira idzi dzinyatsobuda pachena. Unyanzvi hwemutauro hunobudikira mune zvinotsigira nzira yekutaurirana iyi kwete zvekudzidzisa zviru zvoga zvisingaburitswe mundima dzakapiwa. Nzira dzinokurudzirwa ndidzo dzinotevera:

- Kutevedzera
- Tsvagurudzo
- Kutsvaga pfungwa itsva
- Mitambo nemibvunzo mipfupi inorodza pfungwa.
- Kugadzirisa matambudziko.
- Nzenzo dzetsvagurudzo dzinoitwa munharaunda.
- Mitambo/dzimbo/nhetembo
- Kuratidza maitirwo
- Hurukuro vari muzvikwata

Nzira dzapiwa pamusoro handidzo dzoga dzingashandiswa, mudzidzisi anogona kushandisa dzimwewo nzira dzaanoona dzichibatsira vana. Zvinokuridzirwa kuti mudzidzisi ahandise nzira dzakawanda muchidzidzo chimwe chete.

6.2. NGUVA YAKATARWA

Kuti kushandiswa kwebumbiro iri kubudirire nguva dzakatarwa idzi ndidzo dzinokuridzirwa:

Giredhi 1 – 2: Vanotarirwa zvidzidzo zvisere zvinotipa maawa mana pavhiki.

Giredhi 3 – 7: Vanotarirwa zvidzidzo zvipfumbamwe zvinotipa maawa mana nechidimbu pavhiki.

7.0 CHATI RINORATIDZA MARONGERWO ANE GWARA REZVIDZIDZO

7.1 KUTEERERA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kupatsanura izwi remudzidzisi wavo • Kupatsanura mazwi eshamwari dzavo neevamwewo vana vechikoro • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwemidziyo iri munharaunda yakavatenderedza. • Kupatsanura nekutevedzera ruzha runoitwa nezvipfuyo. • Kupatsanura nekutevedzera ruzha runoitwa nedzimwe mhuka dzesango. • Kupatsanura nekutevedzera madanirwo enzvovera shanu. • Kuteerera rungano rwemaminitsi maviri rwuchitaurwa kana kuverengwa. • Kudavida kuzvikumbiro zvavanopiwa. • Kuita zvinhu zviriri zvaaudzwa. • Kudzokorora zvirevo zvipfupi zvataurwa • Kuteerera nekutevedzera zviridzwa zvemimhanzi, nhetemburwa netunziyo. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupatsanura nekutevedzera ruzha runoitwa nemidziyo yakasiyana siyana. • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwunoitwa nemhuka dzesango neshiri dzakasiyana siyana • Kupatsanura nekutevedzera mutinhimira nenzvovera dzose dzinoubwa nenzvanyira dziri mumutauro. • Kutevedzera mazwi anemavara anosvika nyaudzirwa dzisingadariki ina. • Kutevedzera zvirevo zvitatu zviriri nyore zvinotevedzana. • Kutevedzera rairo nhatu dzakatevedzana. • Kuteerera rungano rwune maminitsi matatu rwunenge rwangotorwa kubva kwakasiyana siyana. Vagorutaurawo kana kupindura mibvunzo. • Kuteerera rungano rupfupi rusina kupedzwa vagorupedzisa nomazvo. • Kuteerera nekutevedzera zviridzwa. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwunoitwanemidziyo isingadariki mitatu panguva imwe chete. • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwunoitwa nemhuka dzisingadariki nhatu panguva imwechete. • Kupatsanura nekutevedzera nzvanyira dzinamavara anosvika mana e.g. itsva-. • Kutevedzera mazwi evanhu vanozivikanwa munharaunda dzavo. • Kuziva vadzidzisi vavo nemitsindo yavo. • Kuteerera rungano rwemaminitsi mashanu runobva muzvinyorwa vorwutaurawo kana kuzopindura mibvunzo iri pamusoro parwo.

7.2. KUTAURA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kutura mazita avo nekupa nhorooondo yemhuri yavo naivowo muchidimbu • Kukumbira zvavanoda vachiburitsa tsika dzakanaka • Kutura ngano/nyaya pfupi. • Kuburitsa zvavari nekudavira zvine unhu kana vakwaziswa. • Kudoma makara anonyanyozivikanwa. • Kuverenga vachidaidzira vachisvika kumakumi mashanu. • Kudoma mazuva ari muvhiki. • Kudoma mwedzi yegore. • Kutura nhetemburwa nezviturwa. • Kupindura mibvunzo mipfupi vachiita zvekutura. • Kudoma zvimwe zvezvinhu zvinowanzoitika mumwedzi wega wega. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutura nezvemhuri dzavo dzinobatanidza vanambuya nanavasekuru. • Kukumbira zvavanoda vakazvirereka. • Kutura ngano/nyaya pfupi. • Kuburitsa zvavari nekudavira zvine unhu kana vakwaziswa. • Kudoma makara anonyanyozivikanwa. • Kuverenga vachidaidzira vachisvika pazana. • Kutsanangura midziyo yakavatenderedza. • Kutura nhetemburwa nezviturwa. • Kupindura mibvunzo mipfupi iri nyore vachiita zvekutura. • Kutsanangura mwedzi yegore. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutura pamusoro pezvinodiwa kana zvisingadiwe nevanhu vemumhuri dzavo. • Kushandisa makara kutsanangura zvinhu. • Kutsanangura magadzirirwo ezvinhu zviri nyore. • Kutsanangura mabasa avanoita kumba nekuchikoro. • Kutura ngano/nyaya pfupi yakaumbika zvakanaka mumaminetsi maviri. • Kutura nhetemburwa nenhetembo. • Kunyatsodavidza mazwi sezvaari zvakanaka. • Kuita mutambo wezvakanambotika. • Kutura nenekunzwisisa manhamba kusvika pachuru. • Kupindura mibvunzo yakareba vachiita zvekutura.

7.3. KUVERENGA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kudzidza tsika dzakanaka dzekugona kuverenga, kugara kwakanaka nemabaturwo ebhuku. • Kudzidza kuverenga kubva kuruboshwe vachienda kurudyi uye kubva kumusoro vachienda pasi • 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga vasinganongedze neminwe kana kufambisa misoro. • Kudzidza kuverenga chinyararire. • Kuverenga ndima pfupi dzine mitsara mishanu chinyararire kana vachidaidzira vozopindura mibvunzo vachitura • 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudzidza umhizha hwekuverenga vachidaidzisa kana chinyararire. • Kuverenga nyaya pfupi vachidaidzira kana chinyararire. • Kuverenga nyaya dzine urefu hwendima mbiri nekuzopindura mibvunzo yenzwisiso.

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kutura zvavanoona mumufananidzo kana mifananidzo yakawanda. • Kucherechedza nzvovera nemavaramai nekuzvitura zvakanaka. • Kuverenga kusvika kumavara matatu. • Kuverenga mazwi asina kubatanidzwa nemamwe. • Kuverenga ndevo nemitsara mipfupi. • Kuverenga ndima pfupi dzine mitsara mitatu nekupindura mibvunzo. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga mitsara kubva muzvinyorwa zvakasiyana siyana. • Kuverenga ndevo nemitsara mipfupi vachiitira kuzopindura mibvunzo yenzwisiso. • Kuverenga ngano, nyaya, mabhuku emuraibhurari yemukirasi nemachati nekuzopindura mibvunzo yenzwisiso. • Kuverenga nyaya kubva muurongwa hwemifananidzo yakatevedzana. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga nyaya pfupi vachinyatsotsetsenura. • Kuverenga zvinyorwa zvinobva makasiyana siyana. • Kuverenga mitinhimira yenzvanyira dzakaungana dzinosvika ina. • Kudzidza kududza mazwi zvakanaka. • Kududzira machati, magirafu, mepu nematebhuru. • Kuverenga vachiburitsa zvinorehwa mundima.

7.4. KUNYORA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kukurudzira umhizha hwekubata nekushandisa chinyoreso. • Kudzidza kunyora mapatani. • Kunyora zita rake. • Kunyora nzvovera nenzvanyira. • Kunyora mazita ezvinhu zvinowanikwa munharaunda dzavagere. • Kushandisa mavara makuru nezvindaguma. • Kudhirowa midziyo yakasiyana siyana vonyora mazita ayo nezvirevo pamusoro pazvo. • Kunyora zvirevo zvine mazwi maviri kana kudarika. • Kupindura mibvunzo iri nyore yenzwisiso. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhidzira humhizha hwekubata nekushandisa chinyoreso. • Kutsinhira kunyora mapatani. • Kuumba mazwi ane nyaudzira mbiri kana kudarika. • Kushandisa mavara makuru, zvifemo nezvindaguma. • Kunyora zvirevo zvipfupi pamusoro pezvavari ivo. • Kudhirowa mifananidzo nekunyora mazwi nezvirevo pamusoro payo. • Kunyora nyaya pfupi dzine misara mina kana kudarika. • Kupindura mibvunzo yenzwisiso vachiita zvekunyora mhinduro dzavo. • Kunyora mavara nemazvo. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kubatanidza mazwi zvakanaka vachishandisa Nelson's Script. • Kushandisa mavara makuru, zvindaguma, zvifemo nezvibvunzo. • Kudhirowa mifananidzo nekunyora zvirevo zvinokwana zvishanu kana kudarika pamusoro payo. • Kupindura mibvunzo yenzwisiso vachinyora mhinduro mumabhuku. • Kunyora nyaya pfupi dzine ndima ine mitsara mishanu kana kudarika. • Kunyora vachironga mamiriro anofanirwa kunge akaita tsamba yeushamwari. • Kunyora tsamba pfupi kushamwari. • Kudzidza kunyora zvine unyanzvi.

8. MARONGERWO ANE GWARA RINOTEVEDZANA REZVIDZIDZO ZVEGIREDHI 4 – 7

8.1. KUTEERERA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemaumbirwo enyaudzira • Kuziva mazwi evanhu vane mukurumbira mudunhu ravo • Kuziva mitsindo yevanhu vakasiyana siyana • Kuziva madaidzirwo emavara akasiyana siyana • Kuziva ruzha rwunoiwa nezvinhu zvina zvakasiyana siyana zviru kuitika panguva imwe chete • Kuteerera nhau dzinobva kwakasiyana siyana • Kuteerera nyaya kwemaminitsi mashanu kusvika masere • Kuteedza rayiro mbiri dzinopiwa panguva imwe chete • Kudavidza mibvunza yakaoma neyakapfava 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemaumbirwo enyaudzira • Kuziva vanhu vane mukurumbira kubudikidza nemazwi avo • Kupatsanura mazwi anodaidzwa zvinoda kufanana sekuti famba/tamba • Kuteerera nyaya dzinobva mumarhedhiyo nekuzodzitaurawo • Kupatsanura kukwira nekudzika kwezwi pakutaura mitsara • Kuteerera kune chinangwa semuenzaniso, kuteerera zvekunakidzwa, kuteerera kwekuda kuwana ruzivo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemaumbirwo enyaudzira • Kuziva vanhu vane mukurumbira kubudikidza nemazwi avo • Kuteerera kuchidimbu chenyaya nekuzochipedzisa nepfungwa dzakarongeka • Kuteerera nyaya dzinobva mumarhedhiyo rekuzodzitaurawo • Kuteerera kuruzivo rwakatapwa nekusarudza mazwi nepfungwa dzinokosha. • Kugona kuziva manzwiwo emutauri kubudikidza nematauriro ake • Kuve muchikwata chenhaurirano nevamwe kwemaminitsi mashanu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemaumbirwo enyaudzira. • Kuteerera nhau dzinoverengwa nekugona kuzodzitaurawo kana kudzipfupikisa kana kuzopindura mibvunzo mushure madzo • Kupindura mibvunzo inobvunzwa zvakasiyana siyana zvakanaka • Kuve chikamu chenhaurirano nevamwe kwemaminitsi mashanu • Kugona kupatsanura kukwira nekuderera kwezwi pamazwi anodaidzwa zvinoda kufanana. • Kuteerera kunyaya nekuitaurawo

8.2. KUTAURA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GRADE 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura nezvemabasa anoitwa nevanhu vavagere navo munharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsanangura zviitiko zvinokosha zvemunharaunda yawo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita gakava pamusoro penyaya dziri kuitika munyaka kana munharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita gakava pamusoro penyaya dziri kuitika kana dzakaitika

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kupa nhorondo yezviitiko zvinokosha zvinitora nzvimbo munharaunda dzavo • Kupa zvikumbiro netsika • dzakanaka panzvimbo dzakasiyana siyana • Kutaura nyaya yakaumbika zvakanaka kwemaminitsi anosvika matatu • Kupa rayiro nenzira yakanaka • Kubvunza mibvunzo yakananga • Kupa pfungwa dzinokosha kubva mundima yaverengwa • Kutaura zvine ruzivo nhamba kusvika zvuru gumi • Kupa mhinduro kwadzo kumibvunzo yabvunzwa • Kutsanangura maitirwo echinhu • Kuita kamutambo kubva munyaya • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo • Kushandisa zvirungamutauro pakakodzera 	<ul style="list-style-type: none"> • Kududzira zvirahwe • Kutaurirana pamusoro pezviyerwa zvinozivikanwa • Kupfupikisa nyaya yavanenge vaverenga kana kuteerera ichiverengwa • Kuita tumitambo vachicherechedza misambo yakakodzera • Kupa umboo kana ruzivo zvakajeka • Kuburitsa zvavanoda nezvavanonzwa • Kuverenga nhamba kusvika zana rezviuru • Kutsanangura maitirwo echinhu • Kupa davidzo dzakanaka kumibvunzo • Kupa nhaurwa dzakagadzirirwa kana dzisina kugadzirirwa kweminiti imwe chete • kuraira munhu maendero kunzvimbo • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kurondedzera nyaya dzavakanzwa kana dzavakaverenga • Kupfupikisa nyaya dzavakaverenga kana dzavakanzwa • Kubvunza mibvunzo iri pamusoro penyaya dzakasiyana siyana • Kusvitsa mashoko anobva muzvinyorwa zvakasiyana siyana namazvo • Kupindura mibvunzo yabunzwa • Kuburitsa manzwiwo avo munharaurwa dzavo • Kutaura manhamba kusvikira pamiriyoni • Kutsanangura mamiriro emidziyo, vanhu nezviitiko • Kupa nhaurwa dzakagadzirirwa kana dzisina kwemaminitsi maviri • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo • Kushandisa zvirungamutauro pakakodzera 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita nhaurirano pamusoro penyaya dziri kukosheswa nevanhu munharaunda • Kupawo mazano • ekugadziridza matambudziko ari kuwanikwa nevanhu • Kusvitsa mashoko anobva muzvinyorwa zvasiyana siyana namazvo • Kupa rayiro nenzira yakanaka • Kupindura mibvunzo yabunzwa • Kushandisa misambo yakakodzera pakutaura • Kutsanangura zviitiko zvinokonzerwa nevanhu nezvimwe zvinongouya zvega • Kutaura vakasununguka zvavanoshuva zvavanoda, nezvavasingade • Kutsanangura mamiriro emidziyo, vanhu zviitiko nemaitirwo ezvinhu • Kupfupikisa nyaya yakanyorwa kana kutaurwa • Kutaura nyaya/ngano dzavowo • Kubvunza mibvunzo pamusoro pezvakasiyana siyana • Kupa nhaurwa dzakagadzirirwa kana dzisina mumaminitsi maviri kusvika mashanu • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo • Kushandisa zvirungamutauro

8.3 KUVERENGA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga ndima yenzwisiso chinyararire • Kuverenga zvinonzwika uye vachitsetsenura • Kuburitsa zvinoreva mazwi anenge ari mundima • Umhizha hwekushandisa majerero akasiyana siyana • Kuverenga vachiyerura pfungwa huru kubva mundima • Kuverenga vachitsvaga ruzivo rwavanoda • Kuverengera kunakidzwa kana kuwana ruzivo • Kududzira machati, magirafu, mepu nematebhuru 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga zvinonzwika vachinyatsodudza mazwi • Kupa mhinduro dzakakodzera kubva mune zvavanenge vaverenga vachitaura kana kunyora • Kupa rumwe ruzivo rwakavanzika runobva mune zvavaverenga • Kuverenga zvakatsetseka • Kutsinhidzira umhizha hwekuyerura nekutsvaga pfungwa huru mundima • Kuverengera zvinangwa zvakasiyana siyana • Kududzira machati magirafu, mamepu nematebhuru • Kushandisa majekero akasiyana siyana • Kutsvaga zvinoreva mazwi sekushandiswa kwaaitwa mundima 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga nekuzopindura mibvunzo iri pamusoro penyaya yavanenge vaverenga • Kutevedzera rayiro dzakanyorwa • Kutsvaga zvinoreva mazwi sekushandiswa kwaakaitwa mundima • Kuverengera zvinangwa zvakasiyana siyana • Kuverenga nezwi rinonzwika vachinyatsodudza mazwi • Kuverenga vachiyerura nekuita tsvagurudzo dzepfungwa dzinokosha • Kuverenga nyaya nekudzipfupikisa • Kududzira machati, magirafu, mamepu, nematebhuru 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga vachiyerura pfungwa huru kubva mundima • Kutsvagurudza ruzivo rwavanoda • Kududzira machati magirafu nematebhuru • Kuverenga vachinyatsotsetsenura • Kuverenga nekutsvagurudza rumwe ruzivo rwakavanzika kubva mune zvavaverenga • Kupfupikisa nyaya yavanenge yaverenga • Kuverenga zvinyorwa zvakananda • Kuverenga vachinyatsodzamisa pfungwa • Umhizha hwekushandisa majerero akasiyana siyana • Kuverenga chinyararire vachikasira

8.4 KUNYORA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6
<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba yakazara kushamwari 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba dzehushamwari 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba ine udzamu yebas zvakana

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6
<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora rondedzero ine mazwi anosvika makumi mana kana kudarika • Kunyora mhinduro yemibvunzo yenzwisiso zvakazara • Kushandisa zvimiso zvakakodzera pakunyora • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siyana neumhizha hwose 	<ul style="list-style-type: none"> • dzakaumbwa zvakanaka • Kunyora rondedzero ine mazwi makumi masere kana kudarika • Kupa mhinduro dzakaumbwa zvakanaka kumibvunzo yenzwisiso • Kunyora nhaurirano dzakareruka • Kushandisa zvimiso zvakakodzera mukunyora zvirevo • Kunyora marongerwo akanaka etsamba yebasa • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siyana neumhizha hwose • Kunyora tsamba pfupi yebasa • Kududzira magirafu, mepu, chati nemifananidzo • Kupfupikisa ndima dzaverengwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora rondedzero yemazwi maku kudarika vachishandisa zvirunga m zvakakodzera • Kupa mhinduro dzakaumbwa zvaka kumibvunzo yenzwisiso dzinobva m zvakasiyana siyana • Kunyora nhaurirano yakanaka • Kududzira magirafu machati, mifana nematebhuru • Kunyora nhorondo yezvakaitika • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siy neumhizha hwose • Kushandisa zvimiso nomazvo • Kupfupikisa ndima

9.0 KUPATSANURWA KWEZVIRI MUBUMBIRO: GIREDHI 4 - 7

9.1 GIREDHI 4: KUTEERERA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
KUZIVA RUZHA	<ul style="list-style-type: none"> • kuziva ruzha rwunoiwa nezvakasiyana siyana • 	<ul style="list-style-type: none"> • Ruzha rwemidziyo yakasiyana siyana nezviridzwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuziva ruzha rwunoiwa nevanhu, midziyo nezviridzwa •

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
	<ul style="list-style-type: none"> • kupatsanura, madaidzirwo anoitwa mazwi akaumbwa zvakafanana • kusiyanisa zvidimbu zvenyauudzira 	<ul style="list-style-type: none"> • Mazwi anodaidzwa zvakafanana akaumbwa zvakafanana • Zvidimbu zvenyauudzira 	<ul style="list-style-type: none"> • Kusiyanisa mazwi anodaidzwa zvakafanana • Kudavidza mazwi ane zvidimbu zvenyauudzira
	<ul style="list-style-type: none"> • kupatsanura vanhu vakasiyana siyana nekuda kwemazwi avo • kuziva manzwiro emutauri kubudikidza nezwi rake. 	<ul style="list-style-type: none"> • Vanhu nemazwi avo • Kukwira nekudzika kwezwi kuratidza manzwiro 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutevedzera mazwi evanhu vakasiyana siyana • Kuziva manzwiro evanhu nemakwidziro kana maderedzero avanoita mazwi avo.
NHAU NENYAYA	<ul style="list-style-type: none"> • kutevedza ruro rwenyaya yakazara • kunyurura misoro mikuru yenhau 	<ul style="list-style-type: none"> • Ruro • Nhau 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutura zvekare ruro rwenyaya dzavanoziva • Kupfupikisa nyaya.
RAYIRO NEMIBVUNZO	<ul style="list-style-type: none"> • kupa davidzo dzakakodzera kurayiro nemibvunzo • kutevedza rayiro nemibvunzo • kutevedza rayiro mbiri dzine umbowo dzavanopiwa panguva imweyo 	<ul style="list-style-type: none"> • Mibvunzo ine urefu nemaomero zvaka siyana • Rairo dzakadzama 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupa davidzo kumibvunzo yavanobvunzwa • Kutevedza zvarehwa nerayiro dzakadzama

9.1.2. GIREDHI 4: KUTAURA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
MABASA EVANHU VANOGARA MUNHARAUNDA YEVADZIDZI	<ul style="list-style-type: none"> • kuziva vanhu vakasiyana siyana vanogara munharaunda yavo • kutsanangura mabasa evanhu vavanogara navo munharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • Vanhu vavanogara navo munharaunda • Mabasa evanhu vemunharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuziva vanhu vakasiyana siyana vemunharaunda • Kutsanangura mabasa evanhu vemunharaunda • Kuyedzesera mabasa nezvinzvimbo zvevanhu vemunharaunda dzavo

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
ZVIITIKO ZVEMUNHARAUNDA	<ul style="list-style-type: none"> • kudoma zviitiko zvinioitwa munharaunda dzavo • kutsanagura zviitiko zvinoitwa munharaunda dzavo 	<ul style="list-style-type: none"> • Zviitiko zvemunharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsanagura zviitiko zvinokosha zvinoitwa munharaunda dzavo kuburikidza nemasvondo, mwedzi yegore nemwaka yazvinoitwa. • Kuita mitambo nekuedzesera zviitiko zvemunharaunda
ZVIKUMBIRO NERAYIRO	<ul style="list-style-type: none"> • kuita zvikumbiro zvizhinji zvinoenderana nezviri kuitika • kupa davidzo dzinoenderana nezvikumbiro • kupa rayiro dzakanangana nezvavari kuda chaizvo 	<ul style="list-style-type: none"> • Zvikumbiro nedavidzo kuzvikumbiro izvi zvichienderana nezviri kuitika • Rayiro dzakananga 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita zvikumbiro kuvanhu vemazera akasiyana siyana • Kupa davidzo kuzvikumbiro • Kuita zvijana zvekupa davidzo kurayiro • NB: vana vanogona kutevedzera zvimwe zvinoitwa pakupa rayiro nezvikumbiro
NHAU NENYAYA	<ul style="list-style-type: none"> • kutaura nyaya yakaumbwa zvakana 	<ul style="list-style-type: none"> • Maumbirwo enyaya 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaurawo nyaya yakaumbwa zvakana kwemaminitsi anosvika matatu • Kutevedza pfungwa huru dzenyaya • Kupindura nekubvunza mibvunzo pamusoro penyaya.
MAITIRWO EZVINHU	<ul style="list-style-type: none"> • kutsanagura gwara remaitirwo ezvinhu 	<ul style="list-style-type: none"> • Urongwa nezvidanho zvamaitirwo ezvinhu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsanagura urongwa nezvidanho zvamaitirwo ezvinhu • Kuratidza maitirwo ezvinhu.
NHAMBA	<ul style="list-style-type: none"> • kushandisa nhamba kusvika kuzvuru gumi 	<ul style="list-style-type: none"> • Nhamba kusvika kuzvuru gumi 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura chero nhamba kusvika kuzvuru gumi

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
ZVIRUNGAMUTAURO	<ul style="list-style-type: none"> • kutsanangura tsumo dzinonyanyozivikanwa • kushandisa nyaudzosingwi dzinonyanyoshandiswa zvichienderana nezviri kuitika • kududzira zvirahwe zvinonyanyozikanwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Tsumo dzinonyanyozivikanwa • Nyaudzosingwi • Zvirahwe nemaitirwo azvo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kushandisa tsumo dzichienderana nezvavanenge vachitaura • Kutsvaga tsumo munyaya yavanenge vachiverenga nekudzitsanangura • Kupa nekutsanangura zvirahwe

9.1.3. GIREDHI 4: KUVERENGA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
KUVERENGA VACHIDAIDZIRA	<ul style="list-style-type: none"> • kuverenga zvakatsetseka, zvinonzwika uye vasingamhanye • kuverenga vachicherechedza zvimiso 	<ul style="list-style-type: none"> • Zvakatsetseka zvinonzwika vasingamhanye • Zvimiso 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga zvakatsetseka zvinonzwika vasingamhanye • Kucherechedza zvimiso pakuverenga
KUVERENGERA NZWISISO	<ul style="list-style-type: none"> • kuverenga chinyararire kuitira kunzwisisa • kuwana zvinoreva mazwi anenge ari mundima semashandisirwo awo. • kupindura mibvunzo zvakanaka 	<ul style="list-style-type: none"> • Nzira kwadzo dzekuverenga chinyararire • Minongedzo yezvirikurehwa mundima • Nzwisiso 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga chinyararire • Kutsanangura mazwi sekushandiswa kwaakaitwa mundima. • Kutsvaga mazwi nendevu zvakakosha zviri mundima • Kupindura mibvunzo yakasiyana siyana kubva mundima yenzwisiso
KUYERURA NEKUTSVAGA	<ul style="list-style-type: none"> • kuyerura mukuverenga nechinangwa chekuwana zviri kurehwa nendima • kutsvaga ruzivo rwavanonyatsoda mundima • kupindura mibvunzo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga vachiyerura nekutsvaga zviri mundima 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuwana ruzivo rwavanoda kubva mundima • Kutaurirana pamusoro pezvakanakosha zviri mundima • Kupa mhinduro kumibvunzo inobva mundima.

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
KUVERENGA ZVAKAWANDA	<ul style="list-style-type: none"> kuverenga vaine zvinangwa zvakasiyana siyana kududzira machati, magirafu, mepu nematebhuru 	<ul style="list-style-type: none"> Zvinoreva mazwi Kushandisa duramazwi Kuwana ruzivo kubva kumajerero akasiyana siyana 	<ul style="list-style-type: none"> Kuverenga zvinyorwa zvakasiyana siyana vaine zvinangwa zvakasiyana siyana Kuwana zvinoreva mazwi kubva muduramazwi Kuburitsa ruzivo runoburitswa namachati, magirafu, mepu nematebhuru.

9.1.4. GIREDHI 4: KUNYORA

MUSORO	ZVINANGWA Vara vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
RONDEDZERO NEUMHIZHA HWEKUNYORA	<ul style="list-style-type: none"> kunyora rondedzero ine pfungwa dzakapiwa neisina pfungwa dzakapiwa kushandisa zvakanaka zvimiso, zviperengo, mutauro nepatsanuro yemazwi yakanaka kunyora yenyaya kana nhetembo zvine umhizha 	<ul style="list-style-type: none"> Chimiro cherondedzero Rondedzero dzine nedzisina pfungwa dzakapiwa. Zvimiso Kunyora zvine umhizha 	<ul style="list-style-type: none"> Kuronga pfungwa zvakanaka kuti dziembe ndima Kunyora zvirevo zvakarongwa zvakanaka Kushandisa zvimiso zvakakodzera Kuumba nyaya nenhetembo <p>NB: ngakusimbiswe mabafirwo ezvinyoreso nemapepa kana mabhuku uye rondedzero ngadzive neurefu hwemazwi asiri pasi pemakumi mana.</p>
KUNYORA TSAMBA	<ul style="list-style-type: none"> kunyora tsamba dzakarongeka zvakanaka kushamwari 	<ul style="list-style-type: none"> Mamiriro etsamba Tsamba yakazara kushamwari 	<ul style="list-style-type: none"> Kunyora tsamba kushamwari Kushandisa zvimiso zvakakodzera mukunyora <p>NB: Tsinhidziro inofanirwa ngaipiwe pamamiriro etsamba nezviri kurehwa mutsamba</p>

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
NZWISISO YEKUNYORA	<ul style="list-style-type: none"> • kuburitsa zvinoreva mazwi sokushandiswa kwawo mundima • kunyora mhinduro dzemibvunzo yezvavaverenga • kutsvaga zvavari kunyatsoda kubva mundima • kuzadzisa ndima ine mavaka 	<ul style="list-style-type: none"> • Minongedzo yezvinoreva mazwi • Mhinduro dzakanyatsonangana nomibvunzo • Ndimu dzine mavaka anoda kuzodzikiswa 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupa zvinoreva mazwi nendevo sokukwazvo shandiswa mundima yaverengwa • Kunyora mhinduro dzezvirevo zvakazara • Kuzadzisa ndima dzine mavaka

9.2.1. GIREDHI 5: KUTEERERA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUMBUMBIRO	MABASA NEZVINONYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
NHAU NENYAYA	<ul style="list-style-type: none"> • kuteerera nhau dzinobva redhiyo ne terevhizhoni • kutevera urongwa hwezviitiko zviru munyaya • kuburitsa dingindira renyaya 	<ul style="list-style-type: none"> • Nhau kubva muredhiyo nomuterevhizhini • Ruro nedingindira 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuteerera kunhau nekudzitaurirawo vamwe • Kubata misoro mikuru yenhau • Kuburitsa ruo nedingindira/matingindira enyaya
MAZWI NEMANZWIRO	<ul style="list-style-type: none"> • kuziva mazwi evanhu vane mukumbira • kuziva manzwiro omutauri kuburikidza nezwi rake 	<ul style="list-style-type: none"> • Mazwi evanhu vane mukumbira akatapwa kubva kwakasiyana siyana • Kuburitsa manzwiro 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsauranisa mazwi evanhu vakasiyana siyana • Kutaridza manzwiro kubudikidza nemazwi evatauri
NHAURIRANO	<ul style="list-style-type: none"> • kutaura nhaurwa yakarongeka 	<ul style="list-style-type: none"> • Nhaurirano 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita nhaurwa dzinojekesa mamiriro akasiyana siyana ekugara kwevanhu
MUTINHIMIRA WEMAVARA	<ul style="list-style-type: none"> • kupatsanura mataurirwo ezvinyaudzira zvebumbiro remabhii (arufabheti) 	<ul style="list-style-type: none"> • Mitinhimira yemavara ari muarufabheti • Kusanganisa mibatandzwa yemitinhirira yemavara 	<ul style="list-style-type: none"> • Kusiyana mitinhimira yemavara earufabheti
DHIKITESHENI	<ul style="list-style-type: none"> • kunyora dhikitesheni yezvirevo 	<ul style="list-style-type: none"> • Dhikitesheni 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora zvirevo zvinenge zvodhikitetwa

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
NZWISISO YEKUTEERERA	<ul style="list-style-type: none"> • kuteerera kuchidimbu chenyaya nokuchipedzisa zvakanaka • kunzwisisa nhau nenyaya 	<ul style="list-style-type: none"> • Hurongwa hwakanaka hwenyaya • Nhau nenyaya 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupedzisa chidimbu chenyaya neurongwa hwakanaka • Kutaurazve misoro mikuru yenhau nenyaya

9.2.2 GIREDHI 5: KUTAURA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
ZVAVANODA NEZVAVANONZWA	<ul style="list-style-type: none"> • kukurukura zvakajeka pamusoro pezvavanoda nezvavanonzwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Zvavanoda, zvavanonzwa nezvavakasangana nazvo muupenyu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudoma zvavanoda nezvavanonzwa • Kutsanangura zvavakasangana nazvo muupenyu nemanzwiwo avo pamusoro pazvo • Kuenzanisa nekusiyanisa zvavanoda nezvavanonzwa
